UDK: 821.51

# O.ABDIRAXMANOVTÍŃ SATIRALÍQ GÚRRIŃLERINDE KÓRKEM ShEBERLIK

**A.B.Seytbekov** – *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# ХУДОЖЕСТВЕННОЕ МАСТЕРСТВО В САТИРИЧЕСКИХ РАССКАЗАХ О.АБДИРАХМАНОВА

**А.Б.Сейтбеков** – *доктор философии филологических наук*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# ARTISTIC SKILL IN O.ABDIRAHMANOV'S SATIRICAL STORIES

**A.B.Seytbekov** – *doctor of Philosophy in Philology Sciences*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so'zlar:** qoraqalpoq adabiyoti, yozuvchi, nasr, hikoya, satira.

**Rezyume.** Maqolada qoraqalpoq adabiyotida satira va uning nazariy asoslari tahlil qilingan. Satira masalasi taniqli so'z san'atkori O.Abdirahmonovning kichik asarlari va hikoyalarida muhokama qilingan. Yozuvchining «Qo'nsi-qo'balar» hajviy hikoyalar to'plamidagi hikoyalar tahlil qilindi.

**Ключевые слова:** каракалпакская литература, писатель, проза, рассказ, сатира.

**Резюме.** В статье анализируются сатира в каракалпакской литературе и ее теоретические основы. Вопрос сатиры обсуждался в небольших произведениях и рассказах известного мастера слова О.Абдирахманова. Были проанализированы рассказы из сборника сатирических рассказов писателя “ Қоңсы-қобалар”.

**Key words:** Karakalpak literature, writer, prose, short story, satire.

**Summary.** The article analyzes satire in Karakalpak literature and its theoretical foundations. The issue of satire in the short works and stories of the renowned orator O. Abdurahmonov has been discussed. The stories in the writer's collection of satirical stories “Qońsı-qobalar” were analyzed.

**Kirisiw.** Belgili jazıwshı O.Abdiraxmanov qaraqalpaq ádebiyatı tariyxında bir neshe satiralıq gúrrińleri menen kirip keldi. Onıń satiralıq gúrrińleriniń kópshilik bólegi 1970-1980-jıllarǵa tuwra keledi. Usı gúrrińlerinde usı tubalawshılıq dáwirdiń qarama-qarsılıqları, jaman illetleri sınǵa alınadı. Satiranıń ushlı ótkir nishteri menen túyreledi. Onıń «Qońsı-qobalar» dúrkinine tiyisli bir neshe satiralıq gúrrińleri bar. Usı gúrrińlerde milliy xarakterdiń qáliplesiwinde hám rawajlanıwında eń jaman illetlerge qarsı gúresiwdiń zárúrligin tereń uǵındıradı.

**Adebiyatlar analizi**. Ótken ásirdiń 80-jıllarına kelip roman janrınıń qaraqalpaq ádebiyatında joqarı dárejede rawajlanıp, hár qıylı temalarda dóretiliwine baylanıslı ádebiyatshı ilimpaz Yu.Paxratdinov qaraqalpaq romanların tariyxıy romanlar, sociallıq-turmıslıq, satiralıq hám detektiv romanlar dep bólip izertlew lazımlıǵın aytıp ótken edi [2:7].

**Tiykargi bolm**. Usı kózqarastan alıp qaraǵanda «Aqıbet» romanı mazmunı jaǵınan satiralıq roman. Sebebi onda ayırım jaman qásiyetlerge iye bolǵan insanlardıń is-háreketleri ótkir til menen áshkaralanadı. Sonlıqtan romandaǵı kópshilik qaharmanlardıń obrazlarınıń jasalıwıda satiralıq usılda ámelge asırıladı. Máselen, Taspolat, Ulperi, Qosımbet palker, Allambay shaytan obrazları milliy ádebiyatımızda sátli jaratılǵan satiralıq obrazlar qatarına kiredi.

Adamlar qálbindegi aqılǵa uǵras kelmeytuǵın ıdırawshılıqtıń, buzıqlıqtıń, nadurıslıqtıń payda bolıp, en jayıp baratırǵanlıǵın nelerdiń jetispey, joqqa shıǵıp, kómilip qalıp atırǵanlıǵın ayrıqsha ashıw menen xabarlaydı, jar saladı. Jazıwshınıń jan dúnyası, kózqarası usılay júzege keledi. Ol usı sózleri menen xalıqlıq hawazǵa kóterildi. Házirgi dáwir ne nárselerdiń jetispey atırǵanlıǵın ayqın alǵa qoyadı. Tubalawshılıq dáwiri illetleriniń adamlar táǵdirindegi kórinisin, tuyıqlıqqa aparıw baǵdarın, házirgi dáwirdegi jámiyetshilik turmısımızdıń ashshı haqıyqatlıqların, ásirese, bulardıń jaslar qálbinde áste-aqırın qáliplesip baratırǵanlıǵın ashınıw menen súwretlep beredi.

Obraz xarakterin hádiyselerdi súwretlew sheberligi óz aldına ótkirlesip kiyatırǵanlıǵı, janlı bayqaw háreketsheńlik, adam psixologiyasın sheber anıqlaw hám durıs sáwlelendiriw kórkem sózden orınlı paydalanıw O.Abdiraxmanov gúrrińlerinde hár tárepleme iske asqan. Mısalı, jazıwshınıń «Qátere» gúrrińindegi Wáliy aǵanıń obrazın satiralıq usılda beredi.

- Inim, seniń payıń bir tóbe bolıp turıptı ǵoy, dedi Wáliy aǵa ózi shay demlep kelip.

-Ilimniń qádirin xalıq endi túsinip kiyatır ǵoy, - dedi Danabay shaydan shım-shım urtlap.

Ol bir-eki kese iship alǵansha, ilimniń húrmetine úndemey otırdıq. Soń ózi sóz basladı:

-Usı Wáliy aǵa, kelinińe bir nárse degen qusaysań, ózime tikkeley ayta bergenińde de bolatuǵın edi.

-Awa, inim, ózińe málim, qońsı-qobashılıq degen, biziń Maratjandı, jetegińe alıp, oqıtıp-shoqıtıp, xalıq qatarına qosıp jiberer me degendi aytıp edim.

-Sonda qaysı fakultete oqıyjaq?

-Qaysı ekenin quday bilsin, áytewir pis-koltóre bolaman dep júr.

-Hmm, demek, ózimizge tapsıradı ǵoy. Pay-pay…

-Awa, siziń qarawıńızda boladı. Soǵan jol-jorıqtı óziń eplestirmeseń…[1:9]

Bul dialog gúrrińde joqarı oqıw ornınıń xızmetkeri Danabay menen Wáliy aǵanıń arasında bolıp atır. Tubalawshılıq dáwirdiń eń jaman illetleriniń biri bolǵan oqıw ornına para menen kiriw satiranıń nishterine ilingen. Gúrriń ilimniń, bilimniń, texnikanıń joqarı basqıshlarına jetip atırsaq ta ele birazlarımızdıń miyrim shápáát izlep dorbasın moynına ilip ruwxıy gádálıqqa túsip, diywanaǵa aylanıwı ne degen sumlıq?!, Bul hámmemizdi oylandırıwı tiyis. Olardıń máńgilik diywanalarǵa aylanıp ketpewi ushın gúres alıp barıwımız tiyis. Mine, jazıwshınıń jan kúydirgen hawazı, jan dawısı. Ol xalıq tilegin jar salıp járiyalap atır bizler nelerge erisip qanday islerdi islep atırmız!? Bizlerdi usınday oylarǵa salǵan bul gúrrińide jazıwshınıń stillik ózinsheligin, onıń xarakter jasawdaǵı sheberligin baqlawǵa bizge múm-kinshilik beredi. Gúrrińniń jazılıw sheberligi, oy-pikirlerdiń qısqalıǵı, tujırımlıǵı, tereń mazmunlılıǵı menen kózge taslanadı.

Xalqımızdıń milliy ózgeshelgi hár bir qaharmanıń sóylew tilinde ayqınlanıwı anıq súwretlengen. Ásirese, tubalawshılıq dáwirinde júdá háwijge shıqqan, házirde joq bolmay atırǵan illetler ádep-ikramlıqqa, adamgershilik pazıyletlerine jatpaytuǵın qılıqlar, ósip kiyatırǵan jas áwladtıń durıs tárbiyasına kesent keltirip atırǵan unamsız qásiyetler avtor tárepinen ótkir sınǵa alınadı. Bunda avtordıń ashıq poziciyası, temperamenti, jámiyetti iplas-lawshı kúshler menen say kelmewshilik ruwxı jazıwshı gúrrińiniń kórkem qurılısına sińip ket-ken. Bul óz gezeginde O.Ábdiraxmanovtıń gúrrińlerindegi publicistikalıq sıpattı kúshey-tken. Sonıń menen birge jazıwshınıń gúrrińleri XX ásir qaraqalpaq prozasında ruwxıy azǵınlıqtı, jawızlıqtı áshkáralaw dástúrin ılayıqlı dawam ettirgenligi, ásirese, gúrrińleri-niń problematikası T.Qayıpbergenov pro-zasındaǵı máseleler menen sabaqlaslıǵı bilinip turadı [3:339].

Jáne biz usı jerde jazıwshınıń satiralıq gúrrińleriniń biri bolǵan «Qol qoya górme», «Sumkadaǵı bilim» gúrrińlerin tallap óteyik. Jazıwshınıń «Sumkadaǵı bilim» satiralıq gúrrińi baǵanaǵı biz talqıǵa alǵan «Qátere» gúrrińi menen únles keledi. Bul eki gúrriń bir ideyanı tolıqtırıp turǵanday, eki gúrriń birge jámiyetimizde jaman illetke aylanǵan oqıw orınlarındaǵı paraxorlıq, dámegóylik etiwshileri menen gúresip atırǵanday seziledi.

Mısalı: Danabay ebindey ilimge intalı bolıp, filosofiya fakultetine oqıwǵa kiredi.

1-kurs:

Ómiri kitap kórmegendey, qolına túsken qaǵazdı oqıy beredi, oqıy beredi. Jatıp oqıdı, turıp oqıdı, uyqılı oqıdı, oyaw oqıdı. Biraq kafedradan sóz bergen waqıtları Aristotel menen Platondı górinde tik turǵızıp, lám-mim awız ashpaytuǵın edi…[1:10]

Waqıya usılay rawajlana beredi. Gúrrińde tubalawshılıq dáwiriniń ashshı haqıyqatlıǵın tereń hám keńirek ashıwǵa urınadı. Romanda 70-jıllardan baslap, 80-jıllarǵa shekemgi aralıqtaǵı qubılıs súwretleydi. «Shıǵarmada negizgi másele tariyxtıń usı dáwirlerindegi tubalaw waqtında qıyan-keski unamsız hádiyseler, olardıń adamlardıń minez-qulqına tiygizgen kesapatları barınsha ótkir til menen áshkara etiledi. Tubalawshılıq jıllarında adamzattıń máńgúrge aylanıwı múmkin yedi. Yaǵnıy, máńgúrlik psixologiyası háwij aldı. Jámiyette nızam óz kúshin joǵalttı, tek qabıl alınǵanı bolmasa, ol insanıy huqıqlardı qorǵawǵa kúshi jetpedi. Paraxorlıq kúsheygeni sonshelli, adamlardıń táǵdiri bir pul shelli bolmastan, olarǵa janlı maqluq sıpatında qaraldı. Nátiyjede, adamlar bir-birinen ósh alıwǵa ótip turmısta adamlar arasında miyrimsizlik, talawshılıq, tonawshılıq, shermendeshilikler háwij aldı. Mine, usınday qolaysız sotsial ortalıq, jalǵan siyasat húkim súrgen dáwirde jámiyette nebir jalataylar, hámelparazlardıń násillleri ósip jetilisti.

Ata-ana, muǵallim, oqıwshı, student qarım-qatnasın súwretlew shıǵarmanıń tiykarǵı teması bolıp tabıladı. Al usı gúrrińde jazıwshı ata-ananıń, muǵallim menen tárbiyashınıń tásiri júdá kúshli bolatuǵınlıǵın ayptaqshı boladı, hár qanday unamsız háreketlerdiń aldı alınıp, hárekettiń nadurıslıǵı tusindirilse, bala keleshekte bunday qáteliklerdi tákirarlamay,

mánawiyatı joqarı, kámil insan bolıp jetilisedi.

Kórkem-ónerdiń obrazlar arqalı turmıstı sáwlelendirip beriwi onıń ózine tán spetsifikasın belgilewshi qásiyeti bolıp tabılatuǵını hámmege málim. Dóretiwshi kórkem obraz arqalı dúnyanı ańlaydı, ózi ańlaǵan nárseni hám óziniń ańlap atırǵan nársege sezimin munasabetin sáwlelendiredi. Usı kóz qarastan kórkem obraz ádebiyat hám kórkem ónerdiń pikirlew forması, usılı esaplanadı: Obrazlar járdeminde pikirlegeni ushında kórkem ádebiyatqa tán pikrlew «obrazlı oy» dep júrgiziledi.

Obrazlı oy járdeminde obrazlardı jaratıw jazıwshı O. Abdiraxmanovtıń gúrrińlerinde qanday dárejede túrleniwshenlikke iye. Jazıwshınıń gúrrińlerinde obrazlar jámiyetlik waqıyalıqlardı sáwlelendirip beriwde úlken jámiyetke iye bolıwı menen birge jeke adamlardıń obrazların jaratıwǵa baǵdarlanǵanın kóremiz. Onıń «Sumkadaǵı bilim» gúrrińinde Danabay obrazı daralanǵan obraz sıpatında emes, al gúrriń waqıyalarında jámiyetlik mazmunında qáliplestiriwde de áhmiyetke iye bolıp tur. Sebebi, Danabay obrazı arqalı jámiyetimizdegi gúresshenliktiń jetispewshiligi sáwlelenedi hám bul jámiyetlik áhmiyetke iye boladı.

«Obraz» termini rus tilinen alınǵan bolıp, russha «sáwle» degen mánini bildiredi. Máselen, adamnıń aynadaǵı sáwlesine qarapta «obraz» dep aytıladı. Kórkem obraz jaratılıstıń kórkem shıǵarmadaǵı sáwlesi. Kórkem obrazda haqıyqatlıq, penen birge onıń bórttirilgen tárepleri de óz sáwlesin tabadı. Bul jaǵday kórkem obrazdıń individuallıqqa ulıwmalasıwında kórinedi. Bunday sharayat gúrrińde qaharman obrazınıń ózine tánligin kórsetedi. Jazıwshınıń «Qánige» gúrrińindegi Sayıp Salpiev obrazınıń individuallastırıwshı belgilerge názer salayıq:

«- Haw, ishimlik bolǵanda qaysı?

- Qádimgi araq-paraq degendey.

- Ińg... - dep oylanıp qaldı Sayıp Salpiev qısınıp.

- Maǵan ashıǵın aytsań jaqsı boladı, - dedi Qańtarbay aǵa.

- Bayram-sayramlarda azlap urtlaymız. [1:163]

Solay etip, usı kórinisti salıstırıw arqalı Sayıp Salpievtıń obrazı ashıladı. Ol óz mápin oylaytuǵın, barıp turǵan eki júzli adam bolıp esaplanadı. Sırt kózge jaqsı adam bolıp kórinedi. Hasılında eń páskesh, jawız adam. Onı shegi joq mehriybanshılıǵı menen hesh qalǵandaǵı zulımlıǵı háreketlerin parallel qılıp súwretlew arqalı jazıwshı onıń xarakter dárejesindegi obrazın jaratqan. Bunday obrazlardı jaratıw tek ǵana talantlı jazıwshılardıń qolınan ǵana keledi.

Jazıwshınıń gúrrińleriniń kópshiliginde sońǵı waqıtları insannıń sińgen oy-sezimlerin beriw, psixologik jaǵdayın sáwlelendiriw sıyaqlı insan ruwxıyatına tiyisli keshirmelerdi sáwlelendiriw kóbirek orın almaqta. Bul álbette psixologiyalıq obrazlardıń jasalıwına alıp kelmekte.

Kórkem obrazdıń mazmunǵa tásir etiwshi qásiyetlerinen basqa onı júzege keltiriwshi elementlerde bar máselen, oqıwshınıń kóz aldında konkret obrazdı janlandırıw ushın avtor xarakteristikası, portret, kórkem psixologizm personaj sózi sıyaqlı kórkem elementler kiredi.

Jazıwshınıń gúrrińlerinde obrazdıń jasalıwında birinshi gezekte jazıwshınıń xarakteristikası turadı. Sebebi, bizde ele bayanlawshılıq baǵdar kúshli. Avtorlardıń obrazǵa bergen xarakteristikası baslı qaharmanlardıń obrazlarına tán bolǵan usıl.

Avtordıń gúrrińlerinde obraz jaratıwda kórkem psixologizm baslı elementlerden esaplanbaqta. Kórkem psixologizm-personaj ruhiyatınıń ashıp beriliwi jaǵınan tiykarlanıwı támiyinlenedi hám ol sol wazıypanı ámelge asırıwǵa xızmet qılıwshı bir qatar usıl hám elementlerdi óz ishine aladı.

Ótken ásirdiń sekseninshi jıllarınan baslap aktiv túrde qálem terbetip kiyatırǵan satirik jazıwshınıń biri O.Abdiraxmanov satiralıq gúrrińleriniń baslı baǵdarları eń aldı menen biziń ómirimizdiń kóp tarawlı qatlamların óz ishine qamtıwı, yaǵnıy ideyalıq-tematikalıq keńligi, usı baǵıttaǵı masshtabınıń kóp túrliligi hám rań-bárańligi menen ayırıqsha sıpatlanıp turadı. Bunnan tısqarı, eń aldı menen aytatuǵın bir nárse sol, bul baǵdarda ulıwma qaraqalpaq prozasınıń, sońǵı jılları avtor turmıstıń kóp qırlı salalarındaǵı keri ketiwshilik penen unamsız qılwalardı satiralıq, ótkir ironiyalıq qásiyetleri basım shıǵarmaları menen jeńil kúlki, yumorlıq sıpatları basım obrazlar menen ashıp beriwgw baslı dıqqat awdaradı. Sonlıqtan da, bul eki jazıwshınıń eki túrli baǵdarı ulıwma kórkem realistlik prozamızdı ózinshe túrlendirip turıwǵa xızmet etedi.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, biz joqarıda kórseken mısallar menen faktler birazlar ushın mayda-shúyde nárseler sıyaqlı bolıp kórinse de, olar dóretiwshilik xızmetkerleri, tildi qádirlewshiler hám ulıwma xalqımızdıń mádeniyatı ushın áhmiyetli máselelerdegi unamsız qılwalardıń, itibarsızlıq sırların pash etedi. Jazıwshınıń tabısı bul orınlarda usınday sırttan qaraǵanda elespesiz bolıp-aq kórinetuǵın turmıslıq hám mádeniyat tarawlarınan áhmiyetli

detallardı durıs tawıp, olardı shıǵarmaǵa satiralıq tipler jaratıw ushın sheberlik penen paydalana biliwinde kózge túsedi. jazıwshınıń satiralıq gúrrińlerindde bunday kórkem poetikalıq faktlerdi kóplep ushıratıwǵa boladı.

Gúrrińlerde avtor kórkem psixologizm arqalı personajlardıń ruwxıyatın olardıń óz ishki monologları arqalı, yaki sana aǵımı oy pikiri arqalı,, geyde avtorlıq bayanlaw arqalı ashıp beredi hám bul arqalı túrli obrazlardı jaratadı. Gúrrińlerde personaj ruhiyatınıń onıń is-háreketleri, gáp-sózleri bet, júz mimikası, ondaǵı fiziologiyalıq ózgerislerdi kórsetiw arqalı ashıp beriliwi obrazlardı payda etken.

**Ádebiyatlar**

1. Әбдирахманов О. Қоңсы-қобалар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1981.

2. Пахратдинов Ю. Ҳәзирги заман қарақалпақ прозасындағы сатира. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988.

3.Paxratdinov Á., Allambergenov K., Bekbergenova M. XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı tarıyxı. – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2011.